DEZABONEN SÒTI NAN PATAJE ENFÒMASYON MEDIKAL JENERAL AVEK HEALTHINFONET

KONSÈNAN HEALTHINFONET AK FÒMILÈ ANILASYON SA A.

Kisa ki HealthInfoNet? HealthInfoNet se yon sistèm enfòmatik byen sekize ki gen landan l enfòmasyon medikal ki soti nan diferan etablisman ki okipe yo de zafè sante. Enfòmasyon sa yo sitiye yo nan yon dosye medikal ki sou responsablite Leta. Founisè yo itilize enfòmasyon sa yo pou yo pran pi bon desizyon, sa ki fè w jwenn pi bon kalite swen. E tou, sa ka ede yo pou yo evite fè erè, sitou si yo ta nan yon ka ijans. Dosye sou sante w yo gen ladan yo enfòmasyon sou medikaman, alèji, rezilta tès ak anpil lòt bagay ankò.

Èske dosye mwen yo prive epi an sekirite? HealthInfoNet ankripte tout enfòmasyon epi sèvi ak koneksyon òdinatè ki an sekirite pou resevwa ak pataje enfòmasyon sou sante w. Sèlman moun ki patisipe nan swen ou ka gade enfòmasyon ou yo. Pou aprann plis sou ki moun ki te gade dosye HealthInfoNet ou ak kilè yo te gade li, ou ka vizite http://hinfonet.org/for-patients . Remake byen ke okenn sistèm pa janm konplètman an sekirite, men HealthInfoNet fè tout efò pou kenbe dosye ou an sekirite.

Ki sa sa vle di "opt-out"? Si w pa vle enfòmasyon sou sante w yo enkli nan yon dosye HealthInfoNet, ranpli fòm sa a ap anpeche yo pataje l ak founisè k ap patisipe nan HealthInfoNet. Chwa w pou refize (sa vle di, pou pa pataje enfòmasyon ou) p ap afekte kapasite w pou jwenn swen medikal. Si w deside pita ke w ta renmen mete enfòmasyon sou sante w nan yon dosye HealthInfoNet, ou ka ranpli yon fòm "opt-back-in" (sa vle di, opt-out revoke) yo jwenn sou entènèt la: http://hinfonet.org/ pou-pasyan

ENSTRIKSYON:

- **SI OU VLE PATAJE ENFÒMASYON MEDIKAL JENERAL OU, PA FÈ ANYEN AK FÒM SA A.**
- **SI OU PA VLE PATAJE ENFÒMASYON MEDIKAL JENERAL OU, TANPRI RANPLI FÒM KI PIBA A.**

Si ou ta renmen refize pataje enfòmasyon medikal jeneral ou yo ak HealthInfoNet, tanpri ranpli TOUT seksyon nan fòm sa a epi poste li bay HealthInfoNet nan 60 Pineland Drive, Auburn Hall, Suite 305, New Gloucester, ME 04260 oswa faks li nan 207-541-9258 .

Altènativman, si ou ta renmen ranpli fòm sa a sou entènèt tanpri fè sa isit la: https://map.hinfonet.org:8443/patientoptions/optout

MWEN CHWAZI PA PATAJE ENFÒMASYON MEDIKAL JENERAL MWEN AK HEALTHINFONET

Non | *Dezyèm non* | *Siyati*

Adrès | *Vil* | *Eta* | *Kòd postal*

☐ Gason ☐ Fi ☐ X | / / | - - -

Sèks | *Dat nesans (mm/jj/aaaa)* | *Nimewo Sekirite Sosyal (**pa obligatwa**)*

Nimewo Telefòn (XXX-XXX-XXXX) | *Adrès Imèl*

Lè mwen siyen, mwen konprann enfòmasyon sante mwen p ap disponib pou founisè k ap itilize HealthInfoNet, menm nan ka ijans.

/ /

Siyati Pasyan/Gadyen Legal | *Dat (mm/jj/aaaa)*